


PASINA MARI KANA

PASINA MUBHADHARO

 Mukana chaiwo kudzoka kutabhanakeri, mangwanani ano. Handisi kungoziva . . . Hama Neville vataura kuti vazhinji vanga vasinganzwi kumashure. Munokwanisa kundinzwa zvakanaka here zvino, shure uko? Zvose zvanaka here? Zvakanaka. Ndiri—ndiri mudiki, saka ndinofanira kuita ruzha rwakawanda kuti vanhu vazive kuti ndiripo.

² Saka, ndinorangarira imwe nguva pandaishanda kuPublic Utilities. Ini ndichikwira masitepisi . . . Ndaimbopfeka bhutsu hombe dzakakurisa, dzine zvipikiri zvepasi madziri, kubva mukufamba kune matambo makuru emagetsi. Zvino ndakanga ndichiuya ndichikwira masitepisi. Uye Mai Ehalt, vanova shamwari yangu, vanga vari paswitchboard. Ndine chokwadi VaGinther avo vanovaziva, zvakananyisa. Saka Edith akati, “Billy, iwe unoitwa ruzha rwakawandisa, uri munhu mudiki akadai, andati ndamboona.” Ndichitsika zvipikiri zvikuru izvi, ndichikwira masitepisi.

³ Ndakati, “Zvakanaka, Edith, ndiri mudiki zvakananyanya, ndinofanira kuita kuti munhu wese azive kuti ndiripo, ndinoita ruzha ruzhinji.”

⁴ Zvakanaka, ndambopinda mukati kuti ndifone. Hama Neville vanga vandiudza kuti shamwari yedu yakanaka, Hama Roy Roberson, vari kure neshumiro mangwanani ano, nechikonzero chekuti vari kurwara. Ravo . . . Vane zino risina kubuda zvakanaka. Zvakakonzera hutachiwana, uye zvikavapa fivhiri. Uye vari kuzoita kuti ribviswe, ndinofunga, nekuchimbizika. Zvino Roy anga akaita sababa kwatiri pano, uye tinomuda. Zvino ndati, “Hama Roy, ndi—ndiri kupinda iye zvino, mumaminitsi mashoma, mushumiro.” Ndati, “Ndiri kunokumbira kereke kuti tose tikunamatirei, mangwanani ano,” uye mangwana pavari kuenda ikoko, kuti iro rishandwe naro. Zino racho rakakura rakatsveyama, kana zvakadaro, rakakura zvisirizvo, zvino vanofanira kutoricheka, uye voribuditsa kunze.

⁵ Hama Roy igamba remuhondo, sekuziva kwenyu mose, kubva muHondo yePasi Rose yeChipiri, uko vakapfurwa kuita zvidimbu. Uye dai kwakanga kusiri kunaka kwaMwari, vangadai vasina kana kumborarama. Vakanga vakaradzikwa pakati pevafi, kwenguva yakareba; maoko akapfurwa mukati muno, makumbo akapfurwa, uye tsinga huru mbiri dzafa. Zvino chiremba akati, “Kana akazorarama, haambofamba nhano imwe.” Nenyasha dzaMwari, vanoshanda mazuva ose,

vachikwira nezvose. Mwari vanga vakanaka kwavari nokuti ivo munhu akanaka, uye tinovada. Zvino isu, hati—tisi tose. . .

⁶ Kana tikararama zvakanaka, hazvirevi kuti hatichawirwi nematambudziko. Chaizvoizvo, zvinoreva kuti matambudziko ose akanongedzwa munzira yedu. “Nokuti matambudziko ewakarurama mazhinji, asi Mwari anomudzikinura kubva maari ose.” Ndicho chikamu chakanakisa.

⁷ Saka tinoda kungokumbira munamato wakatsaurwa mangwanani ano, kuitira Hama Roy. Handizive kana pane mumwe muno, zvichida, anoda kunamatirwa, anoda kurangarirwa mushoko remunamato? Kana ivo vakangosimudza maoko avo. Zvakanaka. Ndizvozvo. Ngatingomirai kwenguva shoma, kana muchikwanisa, apo tichinamata.

⁸ Ishe, tinouya nhasi, pakutanga kwesabata. Apo zuva richitora gwara raro zvino, kuti ribhururuke richipfuura nepasi rose, kuti riunze chiedza nehupenyu kuzvinhu izvo zvarakagadzwa kuti riite. Zvino pakutanga kweshumiro apo. . .Tiri chikamu cheKereke yeNyu, yakadanwa kuti ibate shumiro dzekupodzwa, kupodzwa kwepanyama kwemutumbi; kuzadzisa zvido nezvishuwo zvaShe wedu akaropafadzwa uYo akakuvadzirwa kudarika kwedu, uye nemavanga aKe takapodzwa. Zvino tinokumbira, pakutanga kweshumiro, pairi kutanga kubhururuka, munziyo, uye moyo yedu yotanga kusimudzirwa, kuti tigokwanisa kurangarira, mangwanani ano, Ishe, hama yedu inodikanwa, inokosha, Roy Roberson, muranda weNyu akazvininipisa. Uye tinoziva kuti iMi makachengeta hupenyu hwavo vari kuhondo, uye iMi manga makavanakira. Uye nhasi vari kutambudzika nehurwere, zvekuti havana kukwanisa kuuya kukereke.

⁹ Uye, Ishe, vakati vachinamata mumba yaJohane Mako, pane Mutumwa akadzika muimba yetirongo, umo Petro aiva muhusungwa, ipapo akavhura mikova, zvisinganzwisisike, ndokumutungamira kubuda kunze.

¹⁰ O Ishe, iMi muchiri Mwari. Ngirozi idzodzo dzichiri pakuraira kweNyu mangwanani ano. Tinonamata, Ishe, kuti patiri kunamata muno muimba yaMwari, kuti Ngirozi dziende zasi kumba kweHama Roberson. Chishuwo chavo ndechekuva panzvimbo yavo pano, asi kutambudzwa kwavabata. Uye dai Ngirozi dzaMwari dzavadzikinura, dzavapodza, kuti vatore nzvimbo yavo zvakare muimba yaMwari.

¹¹ Pane vamwe vauya kubudikidza nemukuomerwa, va—vanga vachirwara. Uye taona mudzimai wechikuru, paanga ava kuda kugara panzvimbo yake, asimudza maoko ake, paanga achidzadzarika netsoka dzake. Auya kuimba yaMwari, kuti azopodzwa. Zviitei, Ishe, kuti abude ave kufamba, nekamufambiro nehudiki hwemudzimai wechidiki.

¹² Vamwe vose vasimudza maoko avo, mazhinji awo asimuka, nokuti zvakanyorwa, uye zvakambotaurwa kare, “Matambudziko ewakarurama mazhinji, asi Mwari anomudzikinura kubva pane ose.” Dai tabhururuka nhasi tichipinda mukutenda, maoko ekutenda, ayo achatidzikinura kubva mukurwara kwose pamwe nekutambudzwa. Kana shumiro yaperera, ngapashaiwe ane hutera pakati pedu.

¹³ Itai, Ishe, kuti asingatendi wese ave mutendi. Zvino patiri kufungisisa pamusoro peShoko reNyu, dai Mweya Mutsvene waRitora woRiisa mumoyo yedu, uye oRidiridza imomo kusvikira Rava chibereko cheShoko. Zviitei izvi kwatiri, Ishe, apo tichikotamisa misoro yedu mukuzvininipisa uye tichizvikumbira muZita raJesu. Amen.

Mungagare henyu pasi.

¹⁴ Tisati tapinda mumharidzo yeshumiro yemangwanani ano, ndinoda kuti zvigare mupfugwa dzenyu, nepedyo zvishoma. Kana pane vamwe venyu vane nguva yekuzorora, uye muchida kuuya kune imwe yeshumiro idzo dzichaitirwa kuMiddletown, Ohio, kutanga neMuvhuro, kwesvondo, dzichava panzvimbo yematende yekuzororera.

¹⁵ Munoziva here zita renzvimbo yematende yekuzororera iyi, Gene? [Hama Gene vanoti, “Vanoti iri mamayera gumi nemaviri wabuda muMiddletown.”—Mupepeti.] Hama Sullivan. Middletown iguta diki, ndinofunga rakada kuita seJeffersonville kuno. Muzinda webasketball. Hama Sullivan ndiye mufudzi ikoko. Kana imwe yemakereke eFull Gospel, zvokuti kune makumi matanhatu neanoraudzira ari kubatana mumusangano uyu, vanokwanisa kukuudzai kuti nzvimbo yematende yekuzororera iyi iri papi.

¹⁶ Uye pachave nedzimba duku dzekugara panzvimbo yematende iyi, ndokuudzwa kwandakaita, pokuchengetera vanhu vangada kuuya. Zvino misangano ichatanga Muvhuro kusvika Mugovera, mazuva matanhatu. Uye kunenge kusina neSvondo, nokuda kwemamwe makereke, kuti vaende vave neshumiro dzavo dzemazuva ose. Zvichida, kuchava neshumiro dzekupodza, kana kunamatira vanorwara, husiku hwogahwoga. Zvino munhu wese anokokwa. Uye iwo uchatanga musi wa10 Nyamavhuvhu, kusvika musi wa15, Muvhuro kusvika Mugovera. Zvino kana wanga uine zororo, uye—uye uine zororo rako riri kuuya, uye uchida kuripedza nenzira yakadai, zvakana, zvechokwadi tingafara kuva newe.

¹⁷ Ndinokurudzirawo zvakare vose vasina kubhabhatidzwa murubhabhatidzo rweChikristu, kuti vasare mangwanani ano uye vafungisise pamusoro pazvo. Uye vagadzirire shumiro yerubhabhatidzo ichatevera mumaminiti angaita makumi mana nemashanu zvino, ndingadaro. Izvi zvichange zviriro pano pakereke.

18 Tine katsika kekukurudzira vanhu kuti vabhabhatidzwe murubhabhatidzo rweChikristu, tichiziva kuti rwakakosha kuitira ruponeso. Nokuti zvakanyorwa naShe wedu, kutuma kwaKe kwekupedzisira, kutuma kwaKe kwekupedzisira kuKereke. Kana kuti, sekutuma kwaAkaita Kereke, pakupedzisira, Akati, “Endai pasi rose, uye muparidze Vhangeri kuchisikwa chose. Uyo anotenda uye akabhabhatidzwa achaponeswa.” Saka tinoziva kuti zvakakosha chose kuti tibhabhatidzwe nekunyikwa mumvura.

19 Uye tichafara kuita basa iri kwamuri, kuna ani hake agutsikana mumoyo make kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari, kuti iYe akafa kuti aponese vatadzi, zvino iwe ndiwe wacho waAkafira kuti aponeswe; uye uchida kuuya kuzobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu kuti uregererwe zvivi zvako; uchitaura, kunyika, kuti iwe unotenda kuti zvivi zvako zvakaregererwa, uye kuti wava kuzova zvino mudzidzi waIshe Jesu, uchimira nesarudzo yako.

20 Kana usina kereke yekuenda, tingafara kuva nemi kuti muwadzane nesu. Hatina nhengo pano. Itabhanakeri yakazaruka, kuMutumbi wese waKristu, wemumasangano ose. Tinomira tichisanganisira masangano ose. Tinozarura mikova kuvanhu vose, zvisinei kuti ndivanani, ruvara, rudzi, kana chitendwa, munhu wese anogamuchirwa. “Aninani anoda, huya.” Zvino kana usina imwe kereke, tingafare nokuda kwako kungouya kuzowadzana nesu. Hapana chekujoinha. Ingouya mukati kana mikova yazaruka, uye uyanane nesu. Ndizvo chete zvaunoda; ingouya wakadaro. Huya nemoyo wakazaruka, isa mapendekeke ako pavhiri, uye wotibatsira patiri kumanikidzira mberi nokuda kweHumambo hwaMwari. Nokuti, tinotenda kuti nguva, yava pedyosa, yokuti zvinhu zvose vakataurwa muBhaibheri zvichizadziswa.

21 Pasina kupokana vazhinji venyu makaverenga chaKhrushchev, chitaurwa chake kuU.N., rimwe zuva, sekutaurwa kwazvakaitwa kwandiri mupepa rekuCanada, neshamwari. Akati, “Kana kuna Mwari, Agadzirira kutsvaira nekuchenesa temberi zvakare, nemi macapitalisti, sezvaAkaita pakutanga.” Saka zvino munokwanisa kuverenga pakati pemitara, “Agadzirira kuchenesa temberi zvakare.” Uye zvinotyisa, kuti mukomunisi angataure chinhu chakadaro? Anga ane chimwe chinhu, kunyangwe hazvo. Ndizvozvo. Vanga vari macapitalisti, pakutanga, vakakonzera dambudziko. Ndisu macapitalisti.

22 Ndakanzwa mufudzi wedu akakosha, anodikanwa, Hama Neville, vachiita chitaurwa paterevhizheni yavo...kana panhepfenyuro yepawairesi, mamwe mangwanani, izvozvo zvakaramba zvichingodzokorora zvichidzokorora, mupfungwa dzangu. Handikwanise kuzvikanganwa. Ndakazvitaure kune imwe shamwari yangu, husiku hwapfuura. Uye zvanga zviri

izvi, kuti kuchava...Mushure mekunge Mweya Mutsvene wabviswa, kubva panyika, kuti machechi ezvinamoto etsika achaenderera mberi, asingazivi musiyano. Wakambodaro here, waka...Vangani vakanzwa izvozvo? [Ungano inoti, "Amen."—Mupepeti.] Zvakanga zvisingashamise here? Havazivi Mweya Mutsvene, saka havazozivi kana Waenda, uye vacharamba vachingoenderera mberi zvimwe chete. Kana wekupedzisira asimbiswa muMutumbi waKristu, vacharamba vachienda mberi, vachiedza kutendeutsa vanhu kwaUri, nokuti havaUzive kuti chii. Zvino zvinamoto zvavo zvetsika zvichaenderera mberi sezvazvaingove. Zvino, zvinogona kutadza kupinda mauri sezvazvakaita mandiri, asi zvirokwasvo chaive chitaurwa chakasimba. Kutu, vanenge vari kure-kure kwazvo, vangori mune zvinoitwa zvezvinamoto, kusvikira havaoni kusavapo kweMweya Mutsvene, nokuti havaUzive kuti chii, kutanga kwacho.

²³ Mwari ivai netsitsi kwatiri. Hama, ndinoda kurarama muhupenyu huno, uye chishuvo changu, kusvikira kunyangwe kana kugumbuka kwaKe kudukusa, ndinokuziva mumoyo mangu. Ndikaita chimwe chinhu chinozoMugumbura, ndinozokwanisa kuzvinzwa muchinguva ichocho.

²⁴ Ko kuzoti, kusavapo kwaKe; handidi kuve pano kana Iye asiri pano. Ndinoda kunge ndaenda ipapo, hongu, changamire, nokuti panenge pasisina Ropa pachigaro chetsitsi. Panenge pane rima uye pane chiutsi uye pari patema. Nzvimbo tsvene inenge isisina Gweta ipapo, kureverera nyaya yedu panguva iyoyo. Munoziva Gwaro rinotaura izvozvo? Nzvimbo tsvene yaiva nechitsi. Pakanga pasina Ropa pachigaro chenyaasha, zvino kwava kutongwa.

²⁵ Kana Ishe vakadaro, imwe nguva mukutanga kwematsutso ano, vakatipa husiku hushoma hwerumutsiro. Ndatunga mupfungwa dzangu, ndinoda kutora Bhuku riya raZvakazarurwa, kunzvera pariri, kungoenda tichipinda nemuBhuku riya raZvakazarurwa, tichienda.

²⁶ Zvino, nhasi, ndinoziva kuti pane vazhinji vauya, kuzonamatirwa. Uye hofisi yangu yanga yakavharwa nhasi, kana kuti svondo rino. Zvino vamwe vanhu vanga vauya, havana kuwana mukana wekunamatirwa, kunze uko, nokuti vakomana vanga waenda, kwezvava kana zvakadaro, kunozorora. Vane basa rakawanda rekuita; basa ravo pachavo, nebase repatabhanakeri, uye nenhare dzangu nezvose. Zvinokuisa pakusagadzikana nokukasika. Uye saka ndicho chikonzero. Ndinoziva ndinofanira kuenda kunze kune imwe nzvimbo, apa neapo, uye ndonoita chimwe chinhu chakasiyana, uye ndinoziva vanodarowo, zvakare. Saka, vakandidana. Ndikati, "Ndinofunga kuti zvakanaka." Zvino tichanamatira vanorwara, munguva shoma.

27 Zvino ndafunga tichagona kuverenga zvimwe kubva Mushoko raMwari. Kana une Bhaibheri rako zvino, ngativhurei muBhuku raIsaya. Ndinoda kukuona uchitora Bhuku rako uchiRiverenga. Ndinoverenga... Kana iwe usina kana Shoko rimwe kana maviri patiri kuverenga, zvakadaro, iRi iShoko raMwari remunaZiendanakuenda, Risingafe. Haritongopfuuri. Chitsauko 55 chaIsaya, musoro, “Ruponeso rwusingaperi.”

Ho, imi mose mune nyota, uyai kumvura zhinji, uye noasina mari; uyai, mutenge, mudye; zvirokwasvo, huyai, mutenge waini... mukaka pasina mari uye pasina mubhadharo.

Munoparadzireiko mari muchitenga zvisati zviri zvokudya? uye nesimba renyu kune izvo zvisingagutsi? nditeererei zvakana, uye mudye zvakana, uye mweya yenyu ngaizvifadze mune zvakakora.

Rerekai nzeve yenyu, muuye kwandiri: inzwai, uye mweya yenyu ichararama; zvino ndichaita nemi sungano isingaperi, kunyangwe nyasha dzechokwadi dzaDhavhidhi.

28 Ndinoda kutaura kwamuri, kwenguva shoma, pachidzidzo: *Pasina Mari Kana Pasina Mubhadharo.*

29 Pane zvinhu zvizhinji zvinonakidza zvezvazvo edu. Pane zvizhinji zvinonyengedza vanhu izvo zvatingati “mafaro,” uye ndezve vanhu vose, mazera ose.

30 Pane zvinonyengera vezera rechidiki, madhanzi echimanjemanje uye nemapati erock-and-roll, nemimhanzi yavanayo inoenderana nazvo. Zvino zvose zvinonyengera, kuti vanakidzwe.

31 Handina basa nazvo kuti imba yakanaka sei mwana yaakarererwa mairi, uye kuti akadzidziswa zvakadini kuita zvakana; kana mwana iyeye asina kugamuchira chiitiko cheKubarwa patsva, mumhanzi werock-and-roll unomubata ipapo paanongonzwa. Nokuti, maari, makaberekwa maari, nemasikirwo, mweya wenyama. Uye simba radhiyahore rakakura kwazvo, nhasi, kusvika rinobata mweya iwoyo wemudiki iyeye.

32 Zvino zvinozoita zvakawedzera zvakadii kuvakuru, zvino, vakaramba Kuberekwa patsva! Nokuti, kunze bedzi kana hupenyu hwako hwashandurwa, uye watendeuka pamwe nekuberekwa patsva, muHumambo hwaMwari, hunhu hwako hunoramba huri hwezvinhu zvenyika, zvisinei kuti unoita zvekunamata zvakadii, kusvikira izvozvo zvashanduka mauri. Unokwanisa kunamata uye wova wezvinamato, asi zvakadaro izvozvo zvinenge zvine simba rinodhonza kwauri, nokuti munhu wekare uyu wechivi nezvishuwo zvake haasati afa mauri nazvino.

33 Asi kamwe wangotendera Kristu kutora chigaro mumoyo mako, zvinhu izvozvo hazvina basa. Izvi zvikuru zvakanyanya.

34 Handikwanisi kutaura zita remunhu wacho, nokuti handikwanise kufunga zita rake zvino, asi vazhinji venyu munomurangarira. Vaiti pane chitsuwa kwaiendwa nevarume, vachihwandira, zvino madzimai aizobuda kunze, vachiimba. Uye nziyo dzavo dzaikwezva kwazvo, zvokuti vatyairi vezvikepe vachipfuura ikoko, muzvikepe, vaiuya mukati. Zvino masoja anenge akahwandira vai—vaizobata vatyairi vezvikepe ava vakavarairwa, uye vovauraya. Zvino mumwe munhu mukuru aida kupfuura nepo. Akaita kuti vatyairi vake vechikepe vamusungirire pabango remuchikepe, uye—uye—uye ndokuisa chimwe chinhu mumuromo wake, kuti asadanidzire; uye—uye ndokuisa zvinodziira nzeve dzevatyairi vake vechikepe, kuti vasanzwe, vofamba vachienda neko, kuti anzwe. Zvino vakadzi vakabuda, vachitamba uye—uye vachidanidzira, nekuimba, uye, o, zvainakidza kwazvo, kusvikira akazvisvuura maoko, achidanidzira kuvatyairi vake vechikepe, “Pindai! Pindai!” Asi havana kumunzwa, vaiva nezvinodziira nzeve.

35 Zvino akatyaira kuenda kune imwe nzvimbo apo vaifanira kumubvisa, kana, kusunungura maoko ake, uye aizovabvisa zvinodziira nzeve dzavo. Ipapo, paaifamba mumigwagwa, akanzwa airidza mumhanzi wanga uri wepamusoro nekure pane uya wekuzasi uko, kusvika paakapfuura nepo zvakare, vakati, “Oh, mutungamiri mukuru, tokusungirirai pabango zvakare here?”

36 Akati, “Kwete, ndisiyei ndakasununguka. Ndakanzwa chimwe chinhu chikuru nokupfuurira, kusvika izvi hazvichandinetsa zvakare.”

37 Ndizvo zvazviri kuMukristu akaberekwa patsva. Vakawana chimwe chinhu chikuru kudarika rock-and-roll nemifaro yenyika ino. Vanofadzwa neMweya Mutsvene. Mukuru zvakanyanya, kusvikira nyika yakafa kwavari.

38 Asi kana ukaenda kumafaro asina maturo ayo, unofanira kurangarira kuti unofanira kutora mari yakawanda. Mukomana wechidiki anatora shamwari yake yechisikana kumitambo iyi nemadhanzi aya, nezvakadaro, achazobhadhara pakuru pamuhoro wake wepavhiki. Uye nevanhu vakuru vanoedza kuwana mufaro mukuenda munzvimbo dzekunwira doro, kuti vanwe vabvise matambudziko avo evhiki, vanotofanira kubhadhara mari yakawanda. Zvino vanowanei kubva pazviri? Hapana chavanowana kunze kwemarwadzo emoyo.

39 Zvino rangarira, unofanira kupedzerana naMwari rimwe zuva nokuda kwazvo. “Uye mubairo wechivi rufu.” Hapana chaunowana panyika, nazvo. Chinhu chenhema chisipo. Kunwa kunongowedzera kusuwa. Chivi chinongowedzera rufu pamusoro perufu. Magumo azvo kupatsanurwa kubva kuna

Mwari, Nokusingaperi, uchipinda Mudziva reMoto. Uye hapana chaunowana, asi kurasikirwa.

⁴⁰ Zvino Mwari anouya obvunza mubvunzo, “Sei uchipedzera mari yako kuzvinhu izvo zvisingagutsi? Sei uchiita izvozvo?”

⁴¹ Chii chinoita kuti vanhu vade kuzviita? Vanopedza zvose zvavanazvo, zvose zvavanokwanisa kuwana, kutenga zvokunwa, kuti vapfekedze mumwe mukadzi wavanofambidzana naye, kana imwe mhando yemafaro emunyika, ane ruchiva.

⁴² Asi takaudzwa muBhaibheri, uye takadaidzwa kuti tiuye kuna Mwari, “Zvino kuti titenge mufaro Usingaperi neHupenyu Husingaperi, pasina mari kana pasina mubhadharo.”

⁴³ Zvinhu izvovo hazvigutsi, uye magumo azvo rufu Rusingaperi. Uye zvinokutorera mari yose yaunogona kuunganidza pamwe chete, kuti uve mu—munhu mukuru kana anofadza vanhu, kana mukomana wedambe, kana chero chaungave, kana musikana ane mukurumbira, kana chii zvacho. Zvinokutorera zvose zvaunogona kuunganidza pamwe chete, kuita izvozvo. Kupfeka zvipfeko zvepamusoro-soro, uye—uye nokuita zvinhu zvinoitwa nenyika, kuzongokohwa chete mubairo wekutongwa Kusingaperi.

⁴⁴ Mwari akati, zvino, “Sei?” Tichazoita sei paZuva rekuTongwa, patichabvunzwa kuti sei takaita izvozvo? Mhinduro yedu ichava yekuti chii? Mhinduro yeAmerica yechimanjemanje ichava yekuti chii, vanoti ivo inyika yeChikristu? Uye pane mari zhinji inopedzera kuhwiski, pagore, kudarika yechikafu. “Sei muchipedza mari yenyu kuzvinhu zvemhando yakadaro?” Zvakadaro, hurumende inokutumira kutirongo, nokuda kwemadhora mashanu emitero awakatumira zvichida kune rimwe sangano risina kunyatsoiswa muhurongwa hwekugamuchira mitero, kuti utumire mamishinari mhiri kwemakungwa. Tichazobvunzwa rimwe zuva, “Sei imi makazviita?”

⁴⁵ Tiri nyika yeChikristu, uye mabhiriyoni anotumirwa kuvanhu avo mhiri uko, vatiri kuedza kutenga hushamwari hwavo. Zvino vari kuhuramba. Ndosaka Khrushchev akati, “Kana kuna Mwari, Achatsvaira muzinda waKe kuti uchene zvakare.” Vahedheni vanogona kuita zvitaurwa zvakadaro, kuunza kunyadziswa kwatiri. Chinhu chisina maturo zvakadii! Uye tozviti Makristu.

⁴⁶ Mwari akati, “Huyai, mutenge Hupenyu Husingaperi, pasina mari, pasina mubhadharo.” Hupenyu, hwekurarama nokusingaperi, uye tofuratira misana yedu kwaHuri toseka muchiso chaKe. Tichazoita sei paZuva iroro? Chii chichazoitika...?

⁴⁷ Kana Mwari akatipa zvinhu zvekuita, uye otipa mari, otiita nyika yakapfumisa pasi pematenga, zvino Mwari vachazobvunza kuti takaitei nazvo. Sei tichipedza mari

dzedu kuzvinhu zvisingagutse? Kwete kunyika chete, asi zviru kumunhu wega-wega; kubva kumakobiri, kusvika kumamiriyoni amadhara, mumwe nomumwe nachapihwa.

⁴⁸ Kana varume vachiurayana: ndakaverenga chinyorwa nguva shoma yapfuura, apo vakomana vaviri vaishanda mumusasa wekuvhima. Mumwe aive nevana vashanu, mumwe aive nevaviri. Zvino mumwe wavo aifanira kusiiswa basa. Zvino mumwe wevakomana akanga ane vana vaviri, kana kuti aive nevana vashanu, akanzwa kuti anoda basa kudarika mumwe akanga aine vana vaviri; zvino akaenda kunovhima naye, ndokumupfura kumusana.

⁴⁹ Mari, ndiyo mhando yenyika, ndiyo mhando yemanzwiwo, ndiyo mhando yemweya yezvinotonga vanhu.

⁵⁰ Zvino munokwanisa kuona kuti Kuberekwa patsva kunofanira kunge kwakakosha zvakadii. “Unofanira kubarwa patsva.” Zvinofanira kudaro. “Huyai kwaNdiri, uye mutenge pasina mari.”

⁵¹ Haukwanise kuti, “Ndakanga ndisina mari.” Haudi kana mari. Zvinopihwa pachena.

⁵² Isu vemuAmerica tine katsika kekubhadhara nzira yedu kuzvinhu zvese. Ndiyo sirogani yedu. “Tinobhadharira zvinhu. Tine mari.” Tinoratidza mari dzedu dzemadhara kune dzimwe nyika, nedzakadaro, dzakaromboka. Ukafamba uchipinda, unoona vashanyi vachipinda mukati, vose vachitaridzika zvakana. VemuAmerica vanovatsigira. Zvinhu izvozvo imari ine tsvina pamberi paMwari. Iyoyo haitengi nzira yedu kuenda kuDenga. Asi zvinhu zvose muAmerica, tinofanira kubhadhara nzira yedu.

⁵³ Unoenda kwekudyira, uye wodya kudyira kwako kwemanheru. Zvino kana ukasaisa mari patafura, kutonyora hweta wechikadzi, pane kufinyama kunouya pachiso, mushure mekunge achibhadharwa nekambani yaari kushandira. Uye iyoyo inotofanira kunge ichitangira pachikamu chegumi, kana kudarika, pachikwereti chako. Kana ukarega, hweta uyu anokutarisira pasi semunhu akaomera kana mumwe akaita semu—munyimi. Apo, iye anenge achiwana mari yake. Ndinofunga kuti zvakashata uye zvinonyadzisa, kuzviita. Ndinofunga maonero asina kunaka pamusoro penyika. Zvaisimbova kuti, vanhu vakanaka, nzvimbo dzakanaka, havaitenderera izvozvo. Asi zvose zviru kuenda mumweya mukuru mumwe chete.

⁵⁴ Ndaienda parwendo, nechitima. Zvino mutakuri wemabhegi... Ndainge ndine briefcase diki muruoko rumwe chete, nesutukesi kune rwumwe, uye netsapo yangu diki yezvekugeresha pasi pehapwa yangu, uye ndichifamba. Mutakuri akauya kwandiri, akati, “Ndingakutakurirai here?”

55 Ndakati, “O, ndiri kungoenda apo pachitima, changamire. Ndinotenda, zvakanyanya.” Pangangoita, o, mayadhi makumi matatu.

56 Akati, “Ndinotakura,” uye akatora chinhu chidiki uye ndokuchitakura, ndokufamba achiyenda.

57 Zvakanaka, paakauya, ndakafunga kuti kuda ini... Ndaiziva kuti aibhadharwa, asi ndaingomupawo—pawo hafu yedhora. Iye anga akabata, zvinhu zvangu, nguva ingasvika, tingati, miniti; pakada kureba kusvika kunogumira tabhanakeri ino, paakakwira muchitima. Ndakakwira chitima, kutanga, ndakatambanudza maoko ndikatambira. Ndakamupa hafu yedhora.

Akati, “Mirai zvishoma!”

Ndakati, “Chii, changamire?”

Akati, “Ndakutakurirai mabhegi matatu!”

Ndakati, “Hongu, changamire, ndizvozvo. Chii, chii chanetsa?”

58 Akati, “Mubhadharo wangu wepasi masenzi makumi maviri nemashanu pabhegi rimwe. Munofanira kundipa mamwe masenzi makumi maviri nemashanu.”

Maona, ndicho chiAmerica, zvinhu zvose unofanira kubhadhara.

59 Ukaenda uchityaira motokari yako uye woirega ichiwira mugomba, zvino wowana mumwe munhu kuti akubuditse kunze. Unofanira kugadzirira kubhadhara, nokuti vanotoda mubhadharo nokuda kwazvo. Makako akauya okutora, anokubhadharisa mari yakati pamayera. Zvino kana murimi, kapfumbamwe kubva mugumi, akaunza tirakita yake, zvinenge zvakaipa kudarika izvozvo.

60 Unotofanira kubhadharira zvinhu zvose zvaunoitirwa. Zvinhu zvose zvanguva “Bhadhara! Mari! Bhadhara! Mari!”

61 Asi zvakadaro igomba guru rakadini umo chivi chakakuwidzira! Ndiyani angadai akagona kukuburitsa kunze kubva mugomba rechivi? Asi Mwari anokuburitsa kubva mugomba rechivi, pasina mari, pasina mubhadharo, apo pasina munhu anogona kukuburitsa kunze.

62 Kana ukarega kubhadhara mari yakawanda makako wako, unogara mugomba. Unofanirwa kunge une mari yacho kana kuti unogara mugomba racho.

63 Asi gomba rakaipisisa rawakambopinda mariri, ndeiro dhiyabhore raakakukanda mariri, gomba rechivi nokusatenda. Mwari nokuda hako vanokudhonzera kunze, pasina mari, pasina mubhadharo. Asi zvakadaro unorara mugomba, uchishamba muchivi, uye usingatombodana kwaAri.

64 Zvino kana wadana makako kuuyako, kazhinji vanoisa cheni hombe inopinda pasi mugomba, voimoneredza pabhamba kana pamwewo, votanga kudhonza. Zvino simba remota rinotanga kudhonza, zvino michina inotanga kushanda, zvino unobva wadhonzera kunze.

65 Kana Mwari akakuwana uri mugomba rechivi, uye okunzwa uchidana kwaAri, Anotumira pasi cheni yakamoneredzwa paKarivhari, rudo rwaMwari, zvino oKochechera mumoyo mako, zvino obva aisa Simba reMweya Mutsvene ipapo, kutanga kudhonza. Zvino hazvina zvazvinokutorera. Asi zvakadaro tinorara mugomba nokuti hatikwanise kubhadhara nehomwe dzedu. Isu vemuAmerica tinofunga kuti tinogona kubhadhara nehomwe dzedu, asi haukwanise. Hapadi mari kana mubhadharo. Hauibhadhare pakereke. Jesu akazvibhadhara paKarivhari. Asi vanhu vanonyara naWo. VanoUda nenzira yavo. Mwari vane nzira yekuti iwe uUgamuchire, uye ndeWemahara kana ukaUtoro.

66 Kazhinji, pavanokuburitsa kubva mugomba, unenge wakamarika-marika, unofanira kuenda, kuchipatara. Uye vasati vatanga kushanda pauri, pasati paitwa chinhu chimwe chete, vanobvunza, “Ndiyani achazobhadhara chikwereti? Kana tikazosona zvivhanda, kana tikazodururamo mafuta, uye tobaya majekiseni kuitira—kuitira kuti udzivirirwe kubva kuchepfu yemuropa, une mhando yeinishuwarenze yakadii?” Vasati vaita chinhu chimwe chete, panofanira kuva nemari inofanobhadharwa.

67 Asi Ishe wedu kana aisa cheni yaKe yerudo yakamoneredza moyo wako, uye okudhonza kubva mugomba rechivi, Anopodza moyo wose wakagadorwa, anobvisa chivi chose. Zvino chikwereti chinonswa mugungwa rekanganwiwo, kuti chisazorangirirwe zvachose kwauri. “Huya, pasina mari kana pasina mubhadharo.” Zvisinei kuti wakachekwa zvakaipa sei, kuti wakakuvadzwa zvakadii, kuti mhuri yako yakaita sei, kana kuti wakaita sei, hapana chikwereti kwazviri. Anopodza kurwadziwa kwepamoyo, anobvisa kusuwa kwako kwose. “Akakuvadzirwa kudarika kwedu, akaiswa mavanga nokuda kwekusarurama kwedu; kurohwa kwakatiunzira rugare rweyu kwaiva pamusoro paKe; uye nemavanga aKe takapodzwa.” Zvose ndezvepachena.

68 Uye hatimboUgamuchire, nokuda kwekuti tinotongwa nemweya usiwo. Tinotongwa nemweya wenyika, mweya wepasi rose, pane kuti tinotungwe neMweya waMwari, Mweya Mutsvene, unotitungamirira uye nokutiratidza gwara kune Zvokwadi yose, nokuita kuti Bhaibheri rive saizvozvo.

69 Nguva yapfuura, ndaitaura nemunhu asingatendi. Akati, “Fungai nezvazvo, VaBranham. Madzudzo ose ehupenyu,

uye chinhu chega chatinacho, kuti takaponeswa, ndezvimwe zvinyorwa zvekare zvechiJudha.”

⁷⁰ “Oh,” ndakati, “changamire, zvinogona kunge zviri izvo zvega zvaunazvo, asi ndine chimwe chakapfuura izvozvo. Ndine Mweya weUyo wacho akaZvinyora, anoZvisimbisa uye oita kuti Zvive saizvozvo, vimbiso yose.” Haana kuziva kuti angazvitora sei izvozvo.

⁷¹ Munoono, munofanira kuuya kuzotenga pasina mari, kutenga pasina mubhadharo. Hapana chaunobhadhara. Zviri pachena kuna “ani anoda hake, regai auye.” Mwari anokudhonza kubva mugomba.

⁷² Semurume aive pagedhi rainzi Rakanaka. Iye aive aiswa mugomba, kubva mudumbu ramai vake, nadhiyabhore akange amuremadza mutsoka dzake. Nzira yekurarama kwake kwaiva kukumbira zvipo kubva kvanhu vaipfuura nepo. Zvino paakanga akagara pasuwo mangwanani iwayo, akaona vaparidzi vaviri vechipentekosti vachiuya. Vasina kana kobiri remasenzi gumi pakati pavo, nokuti akati, “Sirivheri handina.” Zvino kobiri ndiro sirivheri dukusa. “Sirivheri nendarama handina.”

⁷³ Ndinofunga murume akafunga chinhu chakaita seichi. “Hapana chikonzero chekutora komichi yangu.” Kuda aiyedza kuchengeta mari inokwana. Akanga ava nemakore makumi mana ekuberekwa, kuda aiyedza kuchengeta mari inokwana, kuti vanachiremba vamugadzirire simbi dzemumakumbo, dzekuti afambe nadzo, nokuti, iye, muzvitsitsinho zvake ndimo maakanga asina simba. Uye zvichida aifanira kuva nemari yacho, inofanira kufanobhadharwa, vanachiremba vasati vamupa rutsigiro. Zvino zvirokwazvo hapana chikonzero chekusimudza komichi yake kuvaparidzi vechipentekosti vakanga vasina chinhu. Mukana, ivo va . . . waiva mushomanani kwazvo, wekuti agone kuwana kana kobiri kubva kumachinda aya.

⁷⁴ Asi paakatarisa muchiso chavo! Mumwe, wechidiki achinyara nehudiki; mumwe wacho, mutana uye akaunyana pachiso; apo Johane . . . apo Petro naJohane vachienda kumusoro kusuwo. Akaona chimwe chinhu mumurume wechidiki uyu. Chekuti, kunyara kwaiva kwakati nyanyei kukura kudarika kwamazuva ose. Akaona pasi pekuunyana nezvinetswa, zvezuva reGarireya rakanga rapisa chiso chemuredzi wehove uyu mutana, kwakanga kune “mufaro usingataurike, uye uzere nekubwinya.” Akaona chimwe chinhu chakaita sechakati siyanei.

⁷⁵ Munoziva, pane chimwe chinhu pamusoro peChikristu, chinoita kuti vanhu vataridzike zvakasiyana. Ndivo vanhu vakanakisa pasi rose.

Zvino akatora komichi yake ndokuiisa pasi.

⁷⁶ Zvino muapostora Petro, ari iye mukuru, akati, “Sirivheri nendarama handina.” Nemamwe mashoko, “Handikwanisi kukubatsira, kutenga madondoro aya. Sirivheri nendarama handina, asi icho chandinacho!” Anga anotenga kwaAri uyo akanga ane huchi pamwe nemifaro yehwaini yeruponeso. Akanga achangouya, mazuva maviri kana matatu zvisati zvaitika, kubva kuPentekosti, apo chimwe chinhu pachakanga chaitika.

⁷⁷ Zvino mujaya wechidiki akakwakuka nezi “ameni” guru kwazviri, zvino ndokutarira muchiso chake.

⁷⁸ Chii chakaita? Cheni iya yekunzwira, tsitsi dzeUyo akati, “Ndakava netsitsi pane vanorwara,” Mweya mumwe chete iwoyo wakanga watora nzvimbo mumoyo wemuredzi wehove wakare. Akati, “Kana zviri zvemari, handina, asi ndine chimwe chinhu chichatora nzvimbo yayo zvakapetwa kamiriyoni. Seicho chandinacho!”

⁷⁹ Zvino rangarira, Petro aiva muJudha, uye vanoda mari, pamasikirwo, asi muJudha uyu akanga atendeuka. Kwete, “Icho chandinacho, ndinokutengesera.”

⁸⁰ Asi, “Icho chandinacho, ndinopa kwauri! Icho chandinacho! Handina kana kobiri muhomwe mangu. Handikwanise kutenga rofu rechingwa. Hapana chandinokwanisa kutenga. Handina kana sendi. Asi kana ukakwanisa kuchigamuchira, icho chandinacho, ndinopa kwauri nokuti chakapihwa kwandiri.” Ndizvo zvatinoda. “Icho chandinacho, ndinokupa iwe.”

“Chii chamunacho, changamire?”

⁸¹ “Ndakanga ndiri kune Uyo anotengesa mukaka nehuchi, pasina mubhadharo. NdinoZvipa kwauri. Hauna chikwereti kwandiri nokuda KwaZvo. Kana uchikwanisa kuZvigamuchira, ndinoZvipa kwauri. Kwete seuyo anobhadharisa, asi avo vanokwanisa kupa.”

⁸² Nokuti, “Sekugamuchira kwamakaita pachena, ipaiwo pachena.” Kwanga kuri kutuma kwaIshe wake, mazuva matatu achangopfuura. “Endai pasi rose, paridzai Evhangeri. Uyo anotenda uye obhabhatidzwa achaponeswa; uye uyo asingatendi achatongwa. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda: MuZita raNgu vachadzinga madhimoni; vachataura nendimi itsva; kana vakanwa zvinouraya, hazvingavakuvadze; kana vakabata nyoka, haingavakuvadze. Sezvo makagamuchira pachena, ipaiwo pachena.” MuJudha uyu akanga ashandurwa. [Hama Branham vanogogodza purupiti kana—Mupepeti.]

⁸³ Chatinoda muAmerica kushandurwa, kweMweya Mutsvene kuti utore nzvimbo yemaitiro etsika dzedu dzezvinamato. “Sekugamuchira kwamakaita pachena, ipaiwo pachena.”

⁸⁴ “Sezvandinazvo, ndinokupa iwe: MuZita raJesu Kristu weNazareta, simuka ufambe”; kutenda muZita iroto risina

kusvibiswa reMusiki! Ndicho chikonzero akaenda achitomuka nekusvetuka, nekurumbidza Mwari!

⁸⁵ Oh, munoziva zvinhu zvikuru, kuda akanga agara ipapo kwamakore makumi mana, achiedza kuti awane mari inokwana kuti atenge madondoro, asi haana kukwanisa kuzviita. Asi imomo munzvimbo isingatarisirwe, uye panguva isingatarisirwe, uye muvanhu vasingatombotarisirwe, vasina chavanacho, akawana zvaaida. Ndinofara kwazvo kuti Mwari vanozviita nenzira iyoyo.

⁸⁶ Zvino rimwe boka duku, revanonzi vatsvene vanoumburuka humwe husiku, ndakawana zvandaيدا, izvo zvisingakwaniswe kutengwa nemari. Muboka revanhu vasingagone kuverenga nekunyora, vasina kudzidza, vasina kupfeka zvakanaka, veChitema, pakutanga kwacho, kunze uko muimba diki yekunwira doro yakashandurwa, pasi pahuriri, ndakawana mubairo, dombo rakakosha; apo uyo wechitema paakanditarisa pachiso, zvino ndokuti, “Wakagamuchira Mweya Mutsvene here kubva zvawakatenda?” O, Chakanga chiri chimwe chinhu chandaيدا. Handina kutarisira kuChiwana pakati pevanhu ivavo, asi vakanga vane zvandaitoda.

⁸⁷ Ve U.N. nhasi, havakwanise kugamuchira zvatinazvvo, asi ndizvo zvavanoda. Khrushchev, nevamwe vose, vanoda Kristu, murubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Zvinoshandura mazvibatiro avo. Zvinoita kuti varume, vavanovenga, dzive hama. Zvinobvisa makaro, utsinye uye negakava; zvino zvoisa rudo nemufaro, nerugare, kunaka netsitsi.

⁸⁸ Hongu, munzvimbo dzisingatarisirwe, dzimwe nguva ndimo maunowana zvauroi kutsvaka.

⁸⁹ Ko vana veIsraeri vangadai vakapa chii (zvakatapwa zvose zveEgipita) apo miromo yavo yaijuja ropa, apo rurimi rwavo rwakaremba pamuromo wavo? Vangadai vakapa goridhe rose ravakatapa kubva kuva Egipita kuti, vawane mvura imwe chete yakanaka inotonhorera. Vatungamiri vavo vemurenje vanga vavatungamirira kubva kuchitubu kuenda kune chimwe chitubu, kubva kumakomba kuenda kuzvitubu, asi zvose zvaive zvakaoma.

⁹⁰ Zvino ndokuuya, pasina mari kana pasina mubhadharo! Inzwi rakataura kumuporofita uye rikati, “Taura kudombo,” chinhu chakaomesesa murenje, chinhu chiri kure-kure nemvura. Ipapo nyota yavo yakapedzwa, pasina mari kana pasina mubhadharo. “Taura kudombo.” Kwete kubhadhara dombo, asi “taura kudombo.”

⁹¹ Achiri Dombo manheru ano. Iye iDombo munyika yakaoma. Kana uri parwendo munyika yakaoma iyi, taura kuDombo. Hautombofaniri kuMubhadhara; taura kwaAri. Uye Mubatsiri aripo munguva yematambudziko. Kana uchirwara, taura

kuDombo. Kana uchirwara nechivi, taura kuDombo. Kana wakaneta, taura kuDombo.

⁹² Maona, zvaiita kunge inogona kuva kwese-kwese. . . Zvaiita sekuti, kana kusina mvura zasi munzvimbo diki kwakanga kune zvitubu, hapaizombove nemvura pamusoro pegomo iroro, padombo. Mwari anoita zvinhu achidzoka kumashure pane zvinofungwa nevanhu. Dombo, nzvimbo yakaomesesa murenje, asi Akati, “Taura kuDombo.”

⁹³ Nhasi, vanhu vakanyengereka chaizvo. Vanofunga kuti kana vakaenda uye vonotaura minamoto yavo, vobhadhara muprisita kuti avaitire minamoto mishoma, kubhadhara nzira yavo kuti vapinde. Kana vakavaka kereke huru kune imwe nzvimbo, uye mumwe munhu akapfuma oitsigira nemari, oenda mberi achirarama muruchiva, ova nemumwe munhu kuti amunamatire, anofunga kuti ndizvozvo. Mwari havade mari yako ine tsvina. [Hama Branham vanogogodza papurupiti katatu—Mupepeti.] Chinhu choga chaAnoda kuzvipira kwako nehupenyu hwako kuti hutaure kwaAri. Mwari akakupai mari, musaipedza kuzvinhu zvisingagutsi. Ishandisei kuzvinhu zvinogutsa. Asi kuunza gutsikano chaiyo, haukwandisei kuzvinhu kusvikira wataura kuDombo.

⁹⁴ Akaunza mvura dzinopa hupenyu, pasina mari kana pasina mubhadharo. Zvino vakanwa, uye ngamera dzavo dzikanwa, nevana vavo vakanwa, uye chichiri chitubu chiri kuyerera murenje.

⁹⁵ Zvino saka iYe iDombo nhasi, munyika ino yakaoma, kuvanhu vari kuparara. “Ani nani anotenda kwaAri haangaparare, asi ane Hupenyu Husingaperi.”

⁹⁶ Cherechedzai. Husiku hwega-hwega, vanga vasinganetseki pamusoro pechingwa. Chingwa chavo chaiunzwa kwavari, husiku hwega-hwega, chichangoburwa.

⁹⁷ Tinoenda nhasi kunowana rofu rechingwa. Kana uri mupemhi, uye wofamba uchienda kuno kuchitoro, wobva wati, “Ndinoshuvira rofu rechingwa.”

⁹⁸ Anobva ati, “Ndiratidze, kutanga, masenzi makumi maviri nemashanu ako. Ndinofanira kuwana masenzi makumi maviri nemashanu erofu rechingwa ichi.”

⁹⁹ Zvino chii chaunacho kana wachiwana? Izvi zvakati budei mugwara zvisoma, asi une chakaderesesa kudarika chinogadzirwa negorosi. Vanobvisa ma—mavhitamini ose kubva mariri, magufu ose, zvino voapa kunguruve. Vosanganisa makanyaniswa anobata magufu pamwe chete, uye vozvi pepeta, vogadzira rofu rechingwa, rakagadzirwa nemaoko akasviba, ane tsvina, kazhinji kacho. Unoona zvaunowana muchingwa chako, dzimwe nguva, zvidimbu zvebvudzi, nezvinhu zvetsvina, nezvidimbu zvezvekuputirisa, uye nezvimwe zvose zvinowira munobikirwa chingwa. Vanhu vazere zvivi vane

zvirewere zvepabonde, nezvose, zvichisanganiswa mazviri. Kana ukachiona chichigadzirwa, iwe hawaizombochidya. Asi, zvakadaro, unobhadhara masenzi ako makumi maviri nemashanu kana kuti hauchiwane.

¹⁰⁰ Uye Mwari akavapa chikafu husiku hwega-hwega, nechingwa chakagadzirwa nemaoko eNgirozi; pasina mari, pasina mubhadharo. Zvino, nhasi, chingwa ichocho chinomiririra Kristu, Hupenyu hwepamweya, akaburuka kubva Kudenga, kuti ape Hupenyu hwaKe.

¹⁰¹ Zvino Mwari anopa vana vaKe, mazuva ose, chitiko chitsva. Munorangarira, kana vakachengeta chingwa kusvika mangwana, chaiwora.

¹⁰² Unonzwa mumwe munhu achitaura zvokuti, “Zvakanaka, ndine. . . ndinokuudzai. Ndiri muLutherani. Ndiri muPresbyteriani, Baptisti. Ndiri muPentekosti,” ringori rofu rake rechingwa rakagadzirwa nemaoko. Ndzivozvo chete zvariri, rakangosviba, uye rakagadzirwa nemaoko evanhu.

¹⁰³ Asi paunonzwa chitiko chechapupu, chichangoitika, “Mangwanani ano, mumunamato, Mweya Mutsvene wabhabhatidza munhu wangu wemukati patsva,” oh, hama, ndicho Chikafu cheNgirozi. Anovapa chikafu chitsva, mazuva ose, kubva Kudenga.

Kunaya kwemaropafadzo tinokuda.

Madonwe etsitsi anodonha akatikomberedza,

Asi kunaya uku tinokukumbira nesimba.

¹⁰⁴ Oh, hongu, tumirai kubva Kudenga, patsva, Ishe, Kristu Chingwa cheHupenyu. Chikandei Icho mumoyo mangu, uye regai ndifadzwe neHupo hwaKe hukuru.

¹⁰⁵ Chokwadi, vaiva nokutenda. Vakapa kutenda. Zvino wose murume kana mudzimai akaberekwa neMweya waMwari, uye ogamuchira Mweya Mutsvene, anogara achitenda. Zvisinei kuti chii chaitika, unenge uchipa kutenda.

¹⁰⁶ Sekamukomana kadiki bofu, kumusoro kumakomo, Benny mudiki, akabarwa. Ava nemwedzi inenge misere yekuberekwa, tsanga yakatanga kukura mumaziso ake. Vabereki vake vaiva varombo. Vaigara pachikomo chekare chedhaka. Uye vaiziva kuti maoparesheni aya aigona kuponesa maziso aBenny mudiki, kuti akwanise kuona. Anga ava mukomana zvino wemakore angaita gumi nemaviri. Vabereki vake vaingokwanisa kuwana zvakakwana kuti vawane chingwa nenyama zvepagore. Vakanga vasingakwanise kubhadhara oparesheni yacho.

¹⁰⁷ Vavakidzani vose, pamwe chete, vakaona Benny mudiki achiedza kutamba nevamwe vana vaduku kunze uko, ari bofu. Haaikwanisa kuona zvaave ari kuita. Ivo vakanzwa urombo. Zvino mumwe nemumwe, gore iroro, vakati wedzerei zvirimwa. Vakashingaira zvakati simbei zvisihoma mukupisa kwezuva.

Zvino zvirimwa pazvakatengeswa muchirimo, vakatora mari vakaisa Benny mudiki pachitima, ndokumutumira kuna chiremba.

¹⁰⁸ Vakaita oparesheni yakabudirira. Zvino paakadzoka, vavakidzani vose vakaungana apo Benny mudiki akaburuka kubva muchitima. Maziso ake maduku, akajeka achipenya. Akatanga kudanidzira pamwe nekuchema, apo akatarira pazviso zvavo.

¹⁰⁹ Mumwe kondakita wemuchitima akati, “Mwanakomana, zvakakutorera mari yakadini paoparesheeni iyi?”

¹¹⁰ Akati, “Changamire, handizive kuti zvakavatorera chii vanhu ava. Asi ndinofara kuti ndinokwanisa kuona zviso zvavo, avo vakabhadhara mubhadharo.”

¹¹¹ Ndiwo manzwiro atinoita. Handizive zvaZvakatorera Mwari. Ndinoziva kuti Akandipa zvakanakisa zvaAkanga anzavo, Mwanakomana waKe. Asi ndinotenda zvakanyanya kuva nekuona uku kwepamweya, kuti ndinokwanisa kutarisa pachiso chaKe uye ndoziva kuti iYe akandifira. Handizive kuti ZvakaMutorerei. Hatina nzira yekufungidzira kukura kwacho. Mubhadharo wacho wakanyanyisa kukura. Handikwanisi kukuudzai kuti wakaita sei. Asi ndinotenda. Ndinotenda, kuti, ndakambenge ndiri bofu, ikozvino ndave kuona.

¹¹² Ndinotenda zvikuru kuti paya Mayo Brothers pavakandiudza kuti nguva yangu yakanga yakwana, apo vanachiremba pavakandiudza kuti handichakwanisa kurarama zvachose, makore makumi maviri nemashanu apfuura, nhasi ndiri mupenyu. Handizive kuti Mwari zvakamutorerei, asi ndinotenda ndiri mupenyu.

¹¹³ Ndaimbove mutadzi, ndakasungwa muzvivi, nezvinorwadzisa moyo, ndichitya rufu. Asi, nhasi, rufu kukunda kwangu. Hareruya! Rwunongondiunza muHupo hweUyo wandinoda, wandinokwanisa kutarisa pachiso chaKe. Akashandura chinhu chacho, neoparesheeni, Akatora moyo wangu akaita mutsva. Ndinoziva pane chimwe chinhu chakaitika kwandiri.

¹¹⁴ Mupepa mumatsutso apfuura, kuMinnesota, pane mukomana mudiki akatora bhasikoro rake akaenda kukereke mamwe mangwanani, kuSunday school. Mumwe mujaya munharaunda, akanga asina basa neSunday school, akatora shamwari yake yechisikana vakaenda kuntamba zvokutsvedza pachando. Zvino murume anga ava murume akura, zvino akapinda pachando chakatetepa akawira. Anga amboseka mukomana muduku uya mangwanani iwayo paanga achienda achidzika nenzira, akaudza shamwari yake yechisikana, akati, “Iboka remipengo rinoenda kukereke uko.” Zvino paakadonera muchando, shamwari yake yechisikana yakanga iri kure naye. Aive akareruka; akaenda kure. Asi paakauya

pamusoro ndokuisa maoko ake pachando, akabva aoma mutezo, ndokurembera pachando.

¹¹⁵ Shamwari yake yechisikana yakaedza kusvikira kwaari, asi musikana airema zvikuru, aiputsa chando. Mukomana akadanidzira kwaari, “Dzokera! Dzokera! Unozowira, zvino tose tobva tanyura.” Akadanidzira, akachema, uye pasina chingamubatsire.

¹¹⁶ Mushure mechinguva, pamusoro pechikomo, kwakauya kabhasikoro kadiki, kachichovhwa, nekakomana kadiki kane Bhaibheri muhapwa make. Akanzwa kudanidzira, ndokumhanyisa kabhasikoro kake kaduku. Ndokuisa Bhaibheri rake pasi, ndokumhanyira uko pachando. Ndokukambaira nedumbu rake duku, akapfeka hanzu dzake dzakanaka, kusvikira abata maoko emurume uyu, zvino ndokuramba achimudhonya achiuya, kusvikira amubvisa pachando. Ndokumhanya nekumisa motokari. Vakadana amburenzi vakamuendesa kuchipatara.

¹¹⁷ Mushure mekunge ayenda ndokubhadhara amburenzi, akabhadhara vana chiremba nokuda kwemajekiseni emabayo nezvinhu zvaangadai akatora, akauya kumukomana mudiki. Akati, “Mwanakomana, ndine chikwereti chakadai kwauri?”

Akati, “Hapana.”

¹¹⁸ Akati, “Ndine chikwereti chehupenyu hwangu kwauri.” Fungai nezvazvo. Mari hayaikwanisa kuchibhadhara. Hwakanga huri hupenyu hwake.

¹¹⁹ Ndiwo manzwiwo atinofanira kuita kuna Mwari. Kwete kutenga nzira yedu yekupinda nechimwe chinhu; asi tine chikwereti chehupenyu hwedu kuna Mwari, nokuti takanga tichifa nekunyura mugomba rechivi. Mwari akakanda maoko ake nehanzu zvakanipoterredza.

Ndakanga ndichinyura pakadzika muchivi,
Kure nemahombekombe ane rugare,
Ndine madzvanga akadzika kwazvo mukati,
Ndichinyura zvekusazomuka zvakare;
Asi Tenzi wegungwa
Akanzwa kuchema kwangu kusina tariro,
Kubva mumvura akandisimudza,
Zvino ndakachengetedzeka.

¹²⁰ Ndine chikwereti chehupenyu hwangu kwaAri. Une chikwereti chehupenyu hwako kwaAri. Une chikwereti chehupenyu hwako kwaAri, kumushumira Iye; kwete kuhupa, kufamba uchizvitutumadza pamusoro pekereke yako yesangano; kwete kufamba uchishoropodza vamwe; asi kuedza kushumira nekuponesa vamwe, uye nekuvaunza muruzivo rwaIshe Jesu Kristu.

¹²¹ Mwana muparadzi. Mukuvhara, ndinogona kutaura izvi. Paakanga aparadza pfuma yake yose, pfuma yababa, nekurarama zvisina hanyin'a, uye paakanga ave kudzokera kumba . . . Ainge akarara mudanga renguruve, uye akadzokera papfungwa dzake chaidzo. Zvino akati, "Varanda vangani, baba vangu vavainavo, vane zvakawanda zvekutosiya, zvino hezvo ndiri pano ndiri kufa, nekushaiwa." Ko dai akaedza kutaura kuti, "Ko dai ndanga ndine mari yandaikwanisa kudzorera baba (yandakapedza mukumhanyidzana) nayo?" Asi aiziva hunhu hwababa vake, zvino akati, "Ndichasimuka ndoenda kuna baba vangu."

¹²² Baba havana kuti, "Mira zvisihoma, mwanakomana! Uri kudzora here mari yangu?" Kwete. Havana kumubhadharisa nokuda kwezvivi zvake. Vaitofara nokuda kwekuti ari kudzoka. Vakafara nokuti akanga adzokera papfungwa dzake chaidzo, nokuti akanga ari mwanakomana wavo. Anga ari mwana wavo pachavo. Vaifara nokuti aiva munzira yake yekumba. Zvino, havana kupembedza chivi chake, asi vakafara paakanga adzokera papfungwa dzake chaidzo zvino ndokuti, "Ndakatadza pamberi paMwari wangu, uye nepamberi pababa vangu. Ndichasimuka ndoenda kwavari."

¹²³ Zvino pava kamuona, ari kure, vakamhanyira kwaari zvino ndokumutsvoda. Zvino vakati, "Urayai mhuru yakakora," pasina mari. "Unzai hanzu yakanakisa," pasina mari. "Unzai mhete," pasina mari, "iisei pamunwe wake. Ngatidyei, nokunwa, uye tifare, nokuti mwanakomana wangu uyu anga akarasika uye zvino awanikwa. Anga akafa, zvino ava mupenyu zvakare. Ngatifarei nokuda kwazvo."

¹²⁴ Regai nditaure izvi shamwari, ndivhare. Chinhu choga chinogutsa, zvinhu zvega zvechokwadi zviripo, zvinhu zvega zvakanaka zviripo, hazvikwanise kutengwa nemari. Zvipo zvaMwari zvemahara, kubudikidza naJesu Kristu: ruponeso rwemunhu wemukati; mufaro. Huya udye, uye ugutswe.

Munopedzereiko mari muchitenga zvisati zviri zvokudya? nesimba renyu muchitenga zvisingagutsi? nditeererei zvakanaka, uye mudye. . . izvo zvakanaka, uye mweya yenyu ngaizvifadze nezvakakora.

Rerekai nzeve dzenyu, muuye kwandiri: inzwai, mweya yenyu igorarama; ndichaita nemi sungano isingaperi, kunyangwe nyasha dzechokwadi Dhavhidhi.

¹²⁵ Zvinhu zvose zvinogara, zvinhu zvose zvakanaka, zvino zvose zvinofadza, zvinhu zvose zvemunaZiendanakuenda, ndezvepachena, uye hazvina chaunobhadhara. Kumagumo ekunyorwa kweBhuku rino, Rinoti, "Ani nani anoda, ngaauye anwe kubva kuMvura dzezvitubu zveHupenyu, pachena," pasina mari, pasina mubhadharo. Sei muchipedza mari dzenyu kune

izvo zvisingagutsi, uye mosiya zvinhu zvechokwadi zvinogutsa, zvemahara, zvoenda zvisina kuchengetedzwa nemi?

Ngatinamatei.

¹²⁶ Apo makanyarara uye mumunamoto, aripo here, muchivakwa chino, mangwanani ano, avo vasina kunwa kubva paChitubu ichocho, zvokuti zvishuvo zvemunyika zvichiri muhupenyu hwako, uye unoda kuchinja nzvimbo yako yekunwira, mangwanani ano, kana kushandiswa kwemari yako? Unoda kuuya kuzotenga kubva kuna Mwari, (pasina mari, pasina mubhadharo), huchi nemukaka, mifaro yehwaini? Ungasimudza ruoko rwako here, woti, “Ndirangarireiwo, Hama Branham, pamuri kunamata”? Mwari akuropafadzei, changamire. Mwari akuropafadzei, changamire. Mwari akuropafadzei, hanzvadzi. Pane vamwe here vanogona kuti, “Ndirangarireiwo, Hama Branham, pamuri kunamata”?

¹²⁷ Vamwe venyu imi vechidiki, hongu, makaparadza pfuma yenyu. Ma—ma—maawa akapedzwa naamai mumunamoto nokuda kwako, nababa, uye nedzidziso yese yakaitwa kwauri, asi zvakadaro wakazviisa parutivi, uchiteerera kuzevezera kwadhiyabhore. Zvino wava kushuvira mumhanzi wemunyika, zvinhu zvemunyika. Zvino uri kudzokera papfungwa dzako chaidzo, semuparadzi uya ari mudanga renguruve. Ungasimudze ruoko rwako here, hanzvadzi, hama, uye woti, “Mwari, ndirangarireiwo. Ndidzosei papfungwa dzangu chaidzo, mangwanani ano, regai ndiuye kuimba yaBaba”? Hazvikutorere chinhu chimwe chete. Ari kukutarisira. Zvisinei kuti wakaitei, “Kunyangwe zvivi zvako zvakatsvuka, zvichachena semazaya echando; zvakatsvuka seropa, zvichachena semakushe.” Avo vari muHupo hwaMwari, vangasimudza maoko avo?

¹²⁸ Avo vari kurwara uye vane zvisihuwo, itii, “Nda—ndakawira mugomba. Satani aka—akaita zvakaipa kwandiri. Akandiremadza uye akandiita kuti ndirware, kana chimwe chinhu. Ndinoshuvira, mangwanani ano, cheni yaMwari yekutenda kuti ifambe ichipinda mumoyo mangu, inozondibuditsa kubva mugomba iri, semurume aive pasuwo rinonzi Rakanaka.” Simudzai maoko enyu. Mwari akuropafadzei, mumwe nomumwe.

¹²⁹ Ishe, ndinounza kwaMuri, nguva ino, avo vakasimudza maoko avo, kuti varegererwe zvivi zvavo. Imi muri Mwari, uye Mwari ega. Ipo pavagere chaipo zvino, ndipo paMataura navo. Ndipo paMaita kuti vabvume kuti vakatsveyama, apo Shoko rawana nzvimbo yaRo, uye Mweya Mutsvene watanga kutaura, uchiti, “Wakakanganisa. Tendeuka, udzoke zvakare kuna Mwari Baba.” Zvino vasimudza maoko avo, kuratidza kuti vanoda kubuda mudanga renguruve repanyika iri, kuuya kuimba yaBaba, uko kune zvakawanda, uko kwavasingafanire kuunza chinhu. Sanyanduri akazvitaura

zvakanaka, “Hapana chandinouya nacho mumaoko angu, ndichangobatirira kumuchinjikwa weNyu.” Dai vakauya, mukutapira, mukuzvininipisa, nekupomerwa, uye vapire hupenyu hwavo. Zvino Muchaunza hanzu yakanakisa; uye nemhete, yoiswa paminwe yavo; uye movapa kudya kweMana yeGwayana rakabaiwa. Zviitei, Ishe.

¹³⁰ Varipo avo vanorwara nekutambudzwa. Vane zvisihuwo. Satani akavakanda mugomba, pasina kupokana, kushaiwa mari yemaoparesheni. Pasina kupokana, zvichida, vazhinji vavo havana kugona kuitwa oparesheni. Kuda chiremba haana kugona kubvisa chinokonzera, kunyangwe dai vzavzo aiva nemari yakawanda. Asi iMi muri Mwari. Uye ndinonamata nguva ino chaiyo, pasi pechizoro cheMweya Mutsvene ugere pano zvino, kuti Mupodze mumwe nemumwe wavo. Dai vakapodzwa, kubva kumusoro yavo kusvika kutsoka dzavo, zvose hazvo.

¹³¹ Kana vasina mufaro; ruponeso rwavo, havachanakidzwe naRwo zvakare. SaDhavhidha wakare, akati, “Dzoreredzai mufaro weruponeso rwangu.” Ngavagamuchire mufaro nekufarisisa, pakusuwa nekuneta kwavo, nekuti iMi muri Dombu munyika yakaoma. Muri utiziro munguva yedutu. Apo dhayahore ari kukandira hurwere hwose nemiseve kwavari, Muri utiziro munguva yedutu. Ngazvive sekudaro, nhasi, Mwari, nokuti tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

Zvinyoro-nyoro uye zvapakfava Jesu ari
kudana,
Kudana iwe, neni;
Kunyangwe takatadza, Ane tsitsi
neruregerero,
Ruregerero rwako nerwangu.
Huya kumusha . . .

¹³² Zvino kana uchishuva kudaro, huya kuno kuartari upfugame pasi, tinogona kunamata newe, tokuzodza, zvose zvatinokwanisa kuita. Unogamuchirwa.

. . . kuneta, huyai kumusha;
Mukuperera, nemuhunyoru, Jesu ari kudana,
Kudana, O mutadzi, huya kumusha!

¹³³ MunoMuda here? Teddy, ungatipawo here kodhi, “NdinoMuda, ndinoMuda nokuti iYe akatanga kundida.” Ungawana iyoyo here?

¹³⁴ Ngatirwuimbei kuitira kubwinya kwaKe, tisati tashandura hurongwa hweshumiro, mukanguvana. Uku kurumbidza. Mharidzo yatoenda. Ndinofara chaizvo kuti maIgamuchira. Namatai kuti Ikuitirei zvakanaka, nokuti yandiitira zvakanaka kuItaura. Ndinonamata kuti kufemera kumwe chete kwapihwa kwandiri, kuti ndiItaure kwamuri, moIgamuchira mukufemera

kumwe chete kwaYatumwa nako. Dai Ishe vaIropafadza mumoyo yenyu. Zvakanaka.

NdinoMuda,

Zvino ingovharai maziso enyu, patiri kuimba. Simudzai maoko enyu.

NdinoMuda

Nokuti Akatanga kundida

Ndokutenga ruponeso rwangu

Pamuti weKarivhari.

¹³⁵ Zvino ngatikotamisei misoro yedu, tochiimba mahon'era. [Hama Branham vanotanga kuimba mahon'era *NdinoMuda*—Mupepeti.] UnoMuda here? HaAsi wemazvirokwazvo here mumoyo mako? Hapana chimwe chinhu here pamusoro paKe, chiri chemazvirokwazvo? NdinoMuda nokuti iYe akatanga kundida, akakanda tambo yeHupenyu kubva paKarivhari, ndokuIkochechera pamoyo pangu.

¹³⁶ Musakanganwe, Hama Kurmmond [Drummond] vari kuzotiparidzira manheru ano, manheru echirairo. Kana uchida Ishe, huya kuno utore chirairo pamwe nesu. Ishe vachida, ndinenge ndinemi pano. Ndiye mukuwasha weHama Tony Zabel; Hama Thom vanobva kuAfrica; mwanakomana wavo, mukomana akanaka; muKristu akanaka chaizvo, akasimba, muparidzi mudiki akanaka.

Nokuti Akatanga kundida

Ndokutenga ruponeso rwangu

Pamuti weKarivhari.

¹³⁷ Apo tine misoro yedu yakakotamiswa zvino, apo piyano ichienderera mberi.

¹³⁸ Ishe Jesu, tiri kugadzirira kupinda mune imwe shumiro, Ishe. Tinokutendai neMweya Mutsvene wataura kumoyo yedu. Zvino tiri kufara, Ishe, nokuti Imi maitira izvi isu. Uye dai Shoko reNyu rarega kudzokera kwaMuri rakadaro, asi kuti Riite icho chaRakafanirwa kuti riite. Dai Ragara mumoyo yedu yose, kuziva kuti zvinhu zvose zvechokwadi nezvinhu zvinogara zvinobva kuna Mwari, pasina mari, pasina mubhadharo. Sei zvino tichishingairira zvinhu, uye tozviita senyaya yerufu nehupenyu, kuzvinhu zvichaparara? Ngatishingairei zvakawedzerwa, Ishe, kuzvinhu zvisingazoparara, zvisina mubhadharo. Mubhadharo wakabhadharwa pachena, uye nekoko yekuchingamidza, “Ani nani anoda, regai auye.”

¹³⁹ Ropafadzai chikamu chinotevera cheshumiro ino. Zviitei, Ishe. Uye musangane nesu manheru ano. Ropafadzai shumiro yerubhabhatidzo. Dai pakava nekudururwa kukuru. Dai vanhu ava, vachazobhabhatidzwa muZita reMwanakomana weNyu anodikanwa, Ishe Jesu, dai vakazadzwa neMweya Mutsvene. Dai vanhu ava, vasimudza maoko avo, kuti vatendeuke,

mangwanani ano, kuzvivi zvavo, dai vakauya, vopinda mumbatya dzekubhabhatidzwa nadzo, uye voenda mudziva, uye voratidza kunyika kuti varegererwa zvivi zvavo. Zvino vari kubhabhatidzwa, kuti zvibviswe kubva mubhuku. Zviitei, Ishe.

¹⁴⁰ Ivai neHama Kurmmond [Drummond] manheru ano pavachatiunzira mharidzo, itsva kubva paChigaro choushe. Muzodzei neMweya Mutsvene. Uye muve nesu patichatora chirairo. Dai moyo yedu yave yakachena uye isina chipomerwa, dai pakasava nechinosvibisa matiri. Dai Ropa raJesu ratichenesa kubva pachivi chose. Zviitei, Ishe. Chengetedzai hurwere husave pakati pedu, uye mutipe mufaro nerugare. Kubudikidza naJesu Kristu tinozvikumbara. Amen.

Ndinoda . . .

¹⁴¹ UnoMuda here? Zvino simudza maoko ako kwaAri.

NdinoMuda

Nok- . . .

Zvino sveverera ukwazisane maoko nemumwe ari pedyo newe.

. . . kutanga . . .

(Russell, ndinoMuda. Kana ndikafa nhasi, ndinoMuda.)

Ndokutenga . . .

Ndizvozvo, sveverera uchitenderera ugwinhe chishanu.

. . . ruponeso

PaKarivhari . . .

Zvakanaka, Hama Neville, neshoko rake. Zvakanaka.



PASINA MARI KANA PASINA MUBHADHARO SHO59-0802
(Without Money Or Without Price)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, 2 Nyamavhuvhu, 1959, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org